



Commonwealth of Massachusetts

Executive Office of
Energy and Environmental Affairs

Apèsi sou Règleman Preliminè pou Evalyasyon Etablisman ki Apwopriye yo, Plan Benefis Kominotè ak Akò yo

9 Oktòb, 2025





Ajanda /Pwogramasyon

- **Lojisyèl/Pwosedir ak Ajanda**
- **Kontèks sou Etablisman ak Refòm Pèmi yo**
- **Apèsi sou Règleman ki Pale de Plan ak akò Benefis Kominotè yo**
 - **Kòmantè Piblik ak Kesyon yo**
- **Apèsi sou Règleman ki Pale de Evalyasyon Etablisman ki Apwopriye yo**
- **Demonstrasyon Kat Jewografik Kritè Etablisman ki Apwopriye yo ak Zouti massEnviroScreen yo**
 - **Kòmantè Piblik ak Kesyon yo**
- **Apèsi sou Opòtinite pou Angajman Piblik yo**



Komisyon pou Etablisman Enfrastrikti Enèji ak Bay Pèmi

- Komisyon an te etabli pa [Lòd Egzekitif 620](#)
- Ki te mande pou bay Gouvènè a konsèy sou:
 1. **Akselerasyon responsabilite deplwaman enfrastrikti enèji pwòp atravè etablisman yo epi refòm pèmi lan** fèt nan yon manyè konsistan ak kondisyon legal ki aplikab yo ak Plan Enèji ak Klima Pwòp;
 2. **Fasilite kontribisyon kominote a** nan dosye etablisman yo ak pèmi pou enfrastrikti enèji ki pwòp; avèk
 3. **Asire ke benefis transizyon enèji pwòp yo ekitab** pami tout rezidan Commonwealth yo.
- De (2) sesyon odyans piblik te fèt epi yo te resevwa plis pase 1500 kòmantè piblik.
- Yo te voye rekòmandasyon yo bay Gouvènè Healey nan jou ki te 29 Mas 2024 la.
- Rekòmandasyon komisyon an te pase lwa atravè yon aksyon ki ankouraje yon rezo enèji pwòp, avanse ekite, ak pwoteje moun k ap peye taks yo (Lwa Klima 2024), ke Gouvènè Healy te siyen an novanm 2024 la.

Pèmi Leta ki Konsolide

- Tout pèmi leta, rejyonal ak lokal pou Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo mete ansanm nan **yon sèl pèmi konsolide** ke EFSB bay."
- Tout eta ak ajans lokal yo ki ta otreman vle genyen yon wòl nan bay pèmi yo kapab **otomatikman entèvni epi patisipe** lè yo bay deklarasyon sou kondisyon pèmi yo te rekòmande yo.
- Tout pwojè yo dwe soumèt yon analiz sou enpak kimiltatif kòm yon pati nan kad demann lan bay Konsèy Enplimantasyon Enstalasyon Enèjetik yo (EFSB).
- Yo dwe bay desizyon sou pèmi yo **nan mwens pase 15 mwa** de dat aplikasyon an te konplete a.
- Yo ka fè apèl de desizyon EFSB a dirèkteman nan Tribinal Jidisyè Siprèm nan.



- Aplikab nan lokal/enstalasyon Jenerasyon yo >25 MW, enstalasyon depo >100 MWh, enfrastrikti van ki gen rapò ak lanmè, ak gwo nouvo pwojè transmisyon yo.

Pèmi Lokal ki Konsolide

- Gouvènman lokal yo (komisyon minisipal ak komisyon rejyonal yo tankou Cape Cod ak komisyon Martha Vineyard yo) **kenbe tout pouvwa otorizasyon pou pwojè ki pa sibi revizyon EFSB yo.**
- Gouvènman lokal yo **ka kontinye fè pwosesis apwobasyon separeman** anmenm tan (ekzanp :tè mouye, zònaj, elatriye.), men yo mande pou yo **bay yon sèl pèmi** ki enkli apwobasyon endividyèl pou enfrastrikti enèji pwòp yo.
- Desizyon pèmi an dwe fèt nan yon delè **12 mwa.**
- Gouvènman lokal yo ka voye revizyon pèmi a dirèkteman bay EFSB si yo pa gen ase resous.
- Apre yon gouvènman lokal fin pran desizyon final li, EFSB ka revize aplikasyon pèmi yo tou. Revizyon sa a fèt sou demann pati yo ki ka pwouve desizyon an afekte yo anpil nan yon fason espesifik. Apre sa, pati sa yo ka fè apèl dirèkteman devan Tribinal Siprèm (Jidisyè) la.
- Depatman Resous Enèji (DOER) responsab pou **kreye yon fòmilè estanda pou aplikasyon pèmi minisipal epi pou mete yon seri estanda sante, sekirite ak anviwònman minimòm** pou moun k ap pran desizyon lokal yo ka itilize lè y ap bay pèmi pou enfrastrikti enèji pwòp.



- Aplikab pou lokal/enstalasyon jenerasyon yo <25 MW, enstalasyon depo <100 MWh, ak pwojè transmisyon ak distribisyon ki pa anba jiridiksyon EFSB.



Angajman Kominotè ki Pi Konsistan e ki Pi Ekitab

- Etablisman fòmèl Biwo Jistis Anviwònmantal la ak Ekite nan lalwa, ak yon manda espesifik pou devlope gid/règleman konsènan akò benefis kominotè yo ak enpak kimiltativ analiz yo.
- Premye kondisyon obligatwa pou angajman kominotè, ki enkli dokimantasyon efò pou enplike òganizasyon kominotè yo ak demontre efò pou devlope akò benefis kominotè yo.
- Nouvo Patisipasyon Divizyon Piblik la nan DPU pou ede kominote yo ak pwojekte aplikan yo avèk angajman ak pwosesis kesyon yo nan pwosesis DPU ak EFSB yo.
- Nouvo Divizyon pou Etablisman yo ak fè Pèmi nan DOER pou ede kominote ak aplikan pwojè yo avèk kesyon sou angajman ak pwosesis nan pèmi lokal yo.
- Sipò Finansye pou Entèvansyonè yo disponib pou òganizasyon ki manke resous ki vle patisipe nan yon pwosedi EFSB epi jwenn estati entèvansyonè. Minisipal ki gen yon popilasyon ki evalye a 7 500 moun oswa mwens yo otomatikman elijib pou finansman sipò.

Wòl ak Responsabilite yo

- Gen senk branch travay ki soti nan pwojè lwa a ke twa ajans diferan ap jere: EEA, DPU, ak DOER.
- Tou lè 3 ajans sa yo nan kominikasyon sere youn ak lòt, ak lòt ajans ki nan eta yo ki genyen wòl enpòtan nan bay pèmi pou enèji yo te konsilte tou pandan y ap devlope pwopozisyon yo.
- Yo dwe pibliye règleman yo anvan premye mas 2026.
- Nan prentan 2025, ajans yo te òganize yon sesyon pou moun ki atèt yo bay piblik la enfòmasyon sou aplikasyon an, resevwa kòmantè, ak pran kesyon sou plizyè pwopozisyon preliminè. Genyen plis enfòmasyon ki disponib sou [Paj Sesyon Patisipan Lwa Klima 2024 e](#).





Plan Benefis Kominotè & Akò

Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè ak Anviwònmantal (EEA)
Biwo Jiridiksyon Anviwònmantal ak Ekite (OEJE)
9 Oktòb 2025

Plan Benefis Kominotè ak Akò yo

- Jan **lalwa Klima 2024** la mande a, OEJE te pibliye estanda ak direktiv yo nan dat 12 Septanm, jere itilizasyon potansyèl ak aplikasyon plan ak akò benefis kominotè yo.
- **Plan Benefis Kominotè (CBP)**: yon dokiman ki pa gen valè legal ki dekri kijan yon pwojè pral angaje ak benefisye kominote lokal yo pandan devlopman ak operasyon yon enstalasyon enèji.
- **Akò Benefis Kominote (CBA)**: Yon akò legalman obligatwa ke yon aplikan pwojè ak yon kominote negosye akò yo, souvan reprezante pa yon gwoup kowalisyon kominotè oswa yon kò gouvènman lokal.
- Etanke yon pati nan aplikasyon pwojè a ki bay otorite a pèmi, aplikan yo ka idantifye epi diskite nenpòt efò pou antre nan yon plan oswa yon akò benefis kominotè yo.



Plan Benefis Kominotè vs. Akò Benefis Kominotè yo

Pandan tou 2 CBP ak CBA mete aksan sou avantaj pou kominote a, yo diferan nan objektif, nan aplikasyon, ak nan dimansyon.

Plan Benefis Kominote yo (CBP)	Akò Benefis Kominotè yo (CBA)
• Plan angajman ki pa obligatwa yo • Soumèt ak aplikasyon pou pèmi • Detaye benefis yo pwopoze yo • Gid transparans ak responsabilite yo	• Kontra ki gen fòs legal • Negosye ant devlopè ak kominote reprezantatif yo • Obligasyon ki kapab aplike yo • Bay posibilite pou fè reklamasyon legal si li vyole



Benefis Kominote yo

- Yon CBP ak CBA enpòtan ki bay benefis ki konkrè, adapte ak responsab:
 - Rezilta konkrè ak dirab ki reponn ak priyorite kominotè yo
 - Varye selon objè a; ajiste selon gwosè pwojè a, bezwen lokal, ak enpak yo
 - Idantifye bonè atravè kolaborasyon ak kominote ki te afekte yo
 - Enkli angajman klè, delè, ak rezilta mezirab yo
 - Konplete, men **pa ranplase**, mezi atenyasyon obligatwa yo.
- Avèk eleman sa yo nan tèt ou, avantaj yo an jeneral tonbe nan kat kategori yo – EJ ak Equite, Devlopman Ekonomik ak Kreyasyon fòs Travay, Enfrastrikti ak Sipò Kominotè, ak Pwoteksyon Sante Piblik ak Anviwònmanal.



Diferan Kategori Benefis Kominotè yo

- 1. EJ ak Ekite:** Abòde domaj istorik yo, diminye chay anviwònman an, epi asire ke, kominote ki pi chaje yo jwenn aksè priyoritè ak benefis enèji ak anviwònman yo, enèji pwòp, ak pwoteksyon sante piblik yo.
- 2. Devlopman Ekonomik ak Kreyasyon Fòs Travay:** Kreye travay ki byen peye epi ki aksesib pou rezidan lokal yo, sipòte ti biznis ak biznis ke minorite yo posede, epi bati opòtinite ekonomik alontèm yo.
- 3. Sipò Kominotè ak Enfrastrikti:** investi nan enfrastrikti fizik ak sosyal ke kominote yo bezwen pou yo devlope- tankou lojman abòdab, aksè ak transpòtasyon, bann laj, oswa Etablisman gadri/swen pou timoun yo.
- 4. Pwoteksyon Sante Piblik ak Anviwònman yo:** Pwoteje sante moun yo ak anviwònman natirèl atravè efò prezèvasyon, prevansyon polisyon ak kontwòl, restorasyon tè ak abita, ak mezi rezistans klima yo.



Transfòme Angajman yo an Aksyon

Yon CBP ki byen estriktire dwe:

- Dekri klèman chak benefis ki pwopoze yo, ki gen ladann sa k ap delivre a epi kiyès li vize sèvi.
- Prevwa yon dat klè pou fini, ki an akò ak diferan faz pwojè yo (egzanp, pre konstriksyon, konstriksyon, operasyon yo).
- Idantifye moun ki responsab pou enplimasyon yo.
- Detaye sous finansman yo ak bidjè pou chak benefis, bay transparans sou fason resous yo ap distribye ak soutni.
- Enkli etap **SMARTIE** yo pou chak angajman, asire ke objektif yo:
espesifik // Mezirab // Reyalizab// Enpòtan // Ki gen Tan Limite // Enklizif // Ekitab



Etap pa Etap: Kòman pou Devlope yon CBP ki Fò

Paske tout kominote diferan epi kapab genyen bezwen ki diferan, estrikti sa a fèt nan yon apwòch konsistan pou asire transparans, enklizyon, ak responsabilite. Nou atann pou chak etap fleksib ase pou ka adapte ak kontèks lokal yo, an menm tan, estrikti a gen ase rigè pou li asire ke pwosesis la pote rezilta reyèl, benefik epi mezirab pou kominote yo.

- 1 Kat Patisipan yo ak Idantifikasyon Kominote a**
- 2 Devlope yon Plan Angajman Kominotè**
- 3 Mennen Kanpay Sansibilizasyon Pre-Soumisyon**
- 4 Kreye Ansanm Angajman Benefis yo**
- 5 Devlope yon CBP Piblik, ki alekri**
- 6 Fòmalize Responsabilite**



Egzanp Angajman ki Efikas epi ki Enpòtan/Gen Sans yo

Angajman yo pran pral depann de kalite ak gwosè pwojè a, enpak li sou kominote a epi adaptasyon li ak kontèks objektif ak defi chak kominote yo.

Kategori	Egzanp
Jistis Anviwònmantal ak Ekite	- Fon pou enstalasyon detektè lè de kalite ak yon pwogram siveyans sante anviwònmantal ki dirije pa kominote a. - Kreye yon wòl lyezon pou kreye kominikasyon ouvè pandan konstriksyon ak operasyon
Devlopman Ekonomik ak Mendèv	- Aplike pwogram fòmasyon ak aprantisaj yo - Anboche kontraktè lokal pou konstriksyon ak antretyen
Sipò Kominotè ak Enfrastrikti	- Envesti ansanm nan wout, twotwa, oswa bezwen amelyorasyon pò pou pwojè lojistik ki pral benefisye kominote a tou - Enkòpore estasyon chaj piblik pou machin elektrik, alimante gras ak enstalasyon an, ki ofri gratis oswa ki redwi pri pou rezidan lokal yo
Pwoteksyon Sante Piblik ak Anviwònmantal yo	- Mete an aplikasyon restorasyon konplè nan abita oswa konpansasyon pou tè ki deranje yo - Bay karakteristik konsepsyon ki diminye bri pou enstalasyon ki tou pre kay yo




Kòmantè Piblik



Gid sou Evalyasyon Etablisman ki Apwopriye yo

Evalyasyon Etablisman ki Apwopriye yo



- Jan Lalwa Klima 2024 la te mande sa, nan dat 12 septanm EEA te mete deyò yon gid ki gen enkli yon metodoloji pou detèmine etablisman/lokal ki apwopriye pou enfrastrikti enèjetik, ak rekòmandasyon pou ka itilize metòd yo nan revizyonman aplikasyon pou pèmi kondolidasyon yo ke EFSB te bay ak gouvènman lokal yo.
- Evalyasyon Etablisman/lokal ki apwopriye yo dwe:
 - Ankouraje devlopman enfrastrikti nan zòn dezirab yo, ki gen nan anviwònman ki deja oswa ki te devlope tè ki gen vale konsèvasyon yo;
 - Evite, minimize, ak diminye enpak sou tè natirèl ak tè travay ki enpòtan pou ekoloji yo; epi,
 - Asire ke kominote ki deja pote yon chay anviwònmantal ak sante piblik ki pa pwopòsyonèl pa oblije pote yon chay enfrastrikti enèjetik ki pa pwopòsyonèl;
 - Asire dirabilite alontèm nan devlopman solè ak depo nan Commonwealth la;
 - Sipòte livrezon pèmi leta ak pèmi lokal yo sèvi tankou yon zouti pou evalye devlopè yo epi kòm yon zouti ki enfòme ajans k ap pran desizyon final yo.
- Enfrastrikti Fasilite Enèji Pwòp yo ki aplike nan EFSB oswa minisipalite yo pou pèmi konbine yo pral oblije konplete yon Evalyasyon Sit Apwopriye, ak kèk eksepsyon.
- Otorite ki bay pèmi yo pral pran nòt sa yo an konsiderasyon, epi yo pral enfliyanse kalite ak nivo mezi yo pou minimize oswa redwi enpak sou anviwònman ki nesèsè pou bay yon pèmi yo.

Enstalasyon ki Aplikab yo

Etablisman ki Aplikab yo

- Majorite enstalasyon etablisman pwodiksyon ak depo enèji pwòp ki ap aplike pou yon pèmi konbine ki soti nan EFSB osinon nan men gouvènman lokal yo
- Tout enstalasyon etablisman transmisyon ak distribisyon ki ap aplike pou yon pèmi konsolide ki sitiye nan yon “nouvo dwa piblik ke yo te etabli”

Etablisman ki pa Aplikab yo

- Tout enstalasyon etablisman transmisyon ak distribisyon ki ap aplike pou yon pèmi konsolide ki PA sitiye nan yon “nouvo dwa piblik ke yo te etabli”
- Enstalasyon etablisman k ap aplike pou yon pèmi konsolide ke EFSB te bay ki oblije ranpli yon Analiz sou Enpak Kimiltatif yo (CIA)
- Enstalasyon etablisman jenerasyon enèjetik piti ki:
 - Gen yon sifas sit ki mwens pase yon santyèm
 - Se yon enstalasyon solè ki gen kapasite nòmal ki mwens pase oswa egal ak 25 KW, oubyen;
 - Se yon enstalasyon ki fèt dèyè kontè a ki gen yon kapasite nominal ki pa depase 250 KW.

Enfrastrikti lineyè nan lanmè yo pa obligatwa pou konplete kad evalyasyon Konpatibilite/Konvenyans lokal la, men li ta dwe konsidere kòm yon bagay ki trè pa apwopriye si li pase nan Zòn Pwoteje yo ki idantifye nan Plan Jesyon Lanmè leta a.

- Gid Evalyasyon Etablisman yo itilize yon kad nòt ki evalye sèten kritè sosyal ak anviwònmantal lè l sèvi ak done epi zouti ki disponib piblikman yo.
- EEA pwopoze pou kalkile pou chak etablisman:
 - **Nòt Apwopriye Espesifik pou Kritè yo**, yon evalyasyon kantitatif (0.0 jiska 5.0) sou apwopriyasyon yon pwojè sit ke yo bay nan rapò ak kritè sosyal, anviwònmantal, ak fizik espesifik (rezistans chanjman klimatik, kabòn, biyodivèsite, agrikilti, sosyal ak chay anviwònmantal yo).
 - Kalkile lè w sèvi ak metòd espesifik pou kritè, done jeospasyal, ak lòt enfòmasyon pou refilete enpak oswa ekspoze ki prevwa nan anpwent sit la.
 - **Modifikatè Nòt** ki ka retire oswa ajoute pwen nan yon nòt selon karakteristik espesifik pwojè a ki refilete sèten kritè sosyal, anviwònmantal, ak kritè fizik (potansyèl devlopman ak benefis sosyal ak anviwònmantal yo).
 - Yon **Nòt Etablisman Total ki Apwopriye**, ki reprezante kijan yo bay yon sit apwopriye pou yon pwojè enèjetik atravè tout kritè ak modifikatè nòt yo



Nòt Konvnablite Espesifik pou Kritè yo

Kritè	Rezime Metòd Nòt	Pwen Posib yo
Rezistans Klima	Pi gwo nivo ekspozisyon pou (1) inondasyon rivyè ak (2) danje inondasyon kotyè yo	0 a 5
Stokaj ak Sekestrasyon Kabòn	Depo total kabòn nan ekosistèm lan, plis potansyèl sekestrasyon pou 50 lane.	0 a 5
Biyodivèsite	Sèvi ak eleman Biyomap espesifik ak Abita Priyorite NHESP, ansanm ak valè entegrite ekolojik	0 a 5
Resous Agrikilti	Sipèpoze ak zòn ki make kòm: (i) pi bon tè agrikòl; (ii) tè agrikòl ki gen enpòtans pou tout eta a; ak (iii) Tè agrikòl ki gen enpòtans espesyal , ak plis konsiderasyon pou zòn ki nan itilizasyon agrikòl aktif. [eos].	0 a 5
Chay Sosyal ak Anviwònmantal	Sipèpoze ak Nòt MassEnviroScreen lan	0 a 5
Tout	Total:	0 a 25

Nòt konvnab ki ba (0-2) = sit ki pi apwopriye, kote enpak la pi ba; atann mwens mezi pou diminye konsekans yo
Nòt konvnab ki wo (4-5) = sit ki mwens apwopriye, kote enpak la pi wo; atann plis mezi konsistan pou diminye konsekans yo

Rezistans Chanjman Klima

- Rezistans ak chanjman klimatik ap evalye selon ekspozisyon etablisman an ak danje klimatik: (1) inondasyon rivyè; ak (2) inondasyon kotyè akòz ogmantasyon nivo lanmè ak vag lanmè.
- Ekspozisyon an ap mezire lè w sèvi ak [Zouti kòm Nòm Konsepsyon Rezistans Kliman](#) Resilience Mass la
- Pi gwo nivo ekspozisyon yo sòti nan zouti pou youn nan 2 danje yo pral itilize pou detèmine nòt adaptabilite pou rezistans nan chanjman klimatik la, dapre tablo a.

Pi Gwo Nivo Ekspoze Pou inondasyon nan rivyè oswa danje inondasyon kotyè yo	Nòt Apwopriye pou Rezistans Chanjman Klimatik
Pa Ekspoze	0.0
Ekspozisyon Fèb	2.0
Ekspozisyon Modere	3.5
Ekspozisyon Elve	5.0

Estokaj Kabòn ak Sekestrasyon

- Depo/estokaj ak sekestrasyon kabòn yo pral evalye sou baz rezèv kabòn yo estime ak pwojeksyon sekestrasyon kabòn pou 50 ane nan yon sit, ki reflekte pèt kabòn yo espere ki asosye ak netwayaj sit la pou yon enstalasyon enèji.
- Gwoup klasman nan tout eta yo pou kabòn total ekosistèm nan ane 2070 la soti nan done [Sistèm Nasyonal pou Siveyans Kabòn Forè](#) yo pral itilize pou evalye zòn ki gen plis kabòn (forè) yo.
- [Done kouvèvi tè Anyèl NLCD a](#) ap itilize pou distenge tè ki gen nivo depo kabòn ki ba yo.
- Yo kalkile nòt yo pa:
 1. Idantifye valè endèks kabòn ekosistèm selil gri 30m yo ki santre nan anndan Anprent Sit la; epi
 2. Kalkile valè endèks kabòn ekosistèm sa yo.

Kouvraj Tè (NLCD Anyèl)	Kabòn Ekosistèm Total (Total Kabòn Ekosistèm NFCMS pou ane 2070)	Ekosistèm Kabòn Endèks
Devlope (eksepte Espas Ouvè ki Devlope)	Ta sipoze minim	0.0
Pa devlope (ki gen ladan l espas ki pa devlope)	$\leq 200 \text{ MgCO}_2\text{e/santyèm}$	1.0
Pa devlope (ki gen ladan l Espas Ouvè ki pa Devlope)	$> 200 \text{ MgCO}_2\text{e/santyèm}$	1.0 to 5.0, reevalyasyon ki soti nan Kabòn <i>Total Ekosistèm NFCMS nan 2070</i>

- Yo pral evalye divèsite biyolojik la sou baz valè espesifik pou chak sit nan yon endèks divèsite biyolojik ki entegre [Biomap](#) ak Priorite Abita, [ak Endis Entegrite Ekolojik UMass CAPS](#) (gade tablo a). Endèks divèsite biyolojik la make sou selil griyè 30m atravè tout eta a.
- Nòt yo kalkile pa:
 1. Idantifye valè endis divèsite biyolojik selil rezo ki santre anndan Anprent Etablisman/sit la.
 2. Ap kalkile mwayèn de 25% ki pi gwo nan valè endis divèsite sa yo.

Kritè Biyodivèsite	Biyodivèsite Endèks/ Nòt Apwopriye
Pa nan eleman yo/ konpozan BioMap oswa Abita Priorite yo	0.0 pou rive 2.0, ajiste selon Endèks CAPS pou Entegrite Ekolojik
Nan konpozan Konektivite Rejyonal BioMap la epi ki <i>pa</i> nan Kritik Peyizaj Natirèl, Core Habitat, oswa Abita Prensipal	2.5
Nan kritè Peyizaj BioMap epi ki <i>pa</i> nan Core Habitat oswa Priority Habitat yo	3.5
Nan Core Habitat BioMap men ki <i>pa</i> nan Priority Habitat	4.5
Nan Abita Priorite	5.0

Resous Agrikilti yo

- Evalyasyon Resous agrikòl yo baze sou valè espesifik chak sit nan yon endèks resous agrikòl ki entegre klas [tè fèm NRCS yo pou Massachusetts](#) ak estime itilizasyon tè agrikòl ki soti nan [done kouvèti tè anyèl NLCD](#) (gade tab la). Resous Endèks Agrikòl la trase sou chak selil gri nan tout eta yo. nan selil rezo atravè tout eta a.
- Nòt yo kalkile pa:
 - Idantifye valè endèks resous agrikòl selil kadriyaj ki santre anndan Anprent Sit la; e
 - Ap kalkile mwayèn 50% ki pi wo nan valè endèks resous agrikòl sa yo.
- Enstalasyon solè ki gen doub itilizasyon ak digestè anaerobik ki fèt pou trete dechè òganik ki gen rapò ak fèm yo pral otomatikman resevwa yon 0 kèlkeswa endèks resous agrikòl yo.

Klas Tè Agrikòl yo	Kouvèti Tè (NLCD Anyèl)	Resous Agroilti Endèks/ Nòt Apwopriye
Nenpòt	Devlope	0.0
Okenn	Lòt ki pa Devlope	0.0
Tè Agrikòl ki Gen Enpòtans Inik	Lòt ki pa Devlope	1.0
Tè agrikòl ki gen enpòtans pou tout Eta a	Lòt ki pa Devlope	2.0
Okenn	Agrikilti (Kiltivasyon rekòlt, Pèch/ Pwa))	2.5
Tè Agrikòl Prensipal yo	Lòt ki pa Devlope	3.0
Tè Agrikòl ki Gen Enpòtans Inik	Agrikilti (Kiltivasyon rekòlt, Pèch/Pwa)	3.0
Tè Agrikòl ki Gen Enpòtans pou tout Eta a	Agrikilti (Kiltivasyon rekòlt, Pèch/Pwa)	4.0
Tè Agrikòl Prensipal yo	Agrikilti (Kiltivasyon rekòlt, Pèch/Pwa)	5.0



Chay Anviwònmantal ak Sosyal yo

- Kritè chay sosyal ak anviwònmantal yo pral evalye pa analize anprent etablisman/sit yon enstalasyon ak entèseksyon li avèk nòt ki etabli pou chak gwoup blòk resansman nan zouti MassEnviroScreen yo.
- MassEnviroScreen idantifye kominote ki pi vilnerab yo oswa ki gen plis chay anviwònmantal nan Massachusetts selon yon nòt enpak total ki enkòpore ekspoze ak polisyon ansanm ak lòt kritè sante piblik ak rezilta kritè yo.
- Chak blòk resansman jwenn yon nòt inik ki koresponn ak pousantaj kote li plase nan tout eta a an rapò ak echèl relatif chay sosyal ak anviwònmantal ke kominote a ap fè fas ak yo konpareman ak lòt kominote yo.

Nòt MassEnviroScreen	Nòt Apwopriye pou Chay Sosyal ak Anviwònmantal defavorize yo 0.0 = enpak ki pi ba 5.0 = pi gwo enpak
Mwens ke 10	0.0
10 – 29.9	1.0
30 – 49.9	2.0
50 – 69.9	3.0
70 – 89.9	4.0
90 e plis	5.0

Modifikatè Nòt



Kritè Apwopriye Sit la	Sous Done	Metòd Nòt
Potansyèl Devlopman an	Lèt pre-detèminasyon yo jwenn nan DOER (pou Kanopi Solè, Brownfields, Depo Dechè Kalifye, ak Tè ki Deja Devlope sèlman)	<u>Nòt Otomatik Total Apwopriye Sit la ki se 25</u>: Ki lokalize nan yon Espas Ouvè ki Pwoteje <u>1-soustraksyon pwen</u>: Plase nan yon zòn Investisman nan yon Pwojè Investisman Kapital (CIP) <u>0- pwen pou tout Kritè Espesifik nòt Sit Apwopriye yo (eksepte Rezistans Chanjman Klima)</u>: Kanopi Solè oswa Enstalasyon Sit ki Aplikab ki sitiye sou yon Brownfield, Dépo dechè ki elijib, oswa Tè ki te deja devlope yo
Benefis anviwònmantal ak sosyal yo	Akò siyen ant minisipalite ki fè akèy la ak Enstalasyon ki aplikab la yo	Pwojè yo ka retire yon (1) pwen nan nòt yo pou bay kèk benefis sosyal ak anviwònmantal jiska yon total senk (5) pwen, si minisipalite k ap òganize aktivite a dakò.



Potansyèl Devlopman

- Potansyèl devlopman pral evalye sou baz si etablisman/sit la satisfè kondisyon kèk kalite tè ki trè apwopriye oswa trè pa apwopriye.
- Kanopi solè ak lokal ki nan Brownfield, Depo Dechè ki Kalifye, oswa Tè Ki Te Devlope Anvan yo pral otomatikman pèdi senk (5) pwen nan Total Nòt Apwopriasyon Sit yo.
- Pwojè jenerasyon ki distribye ki nan yon zòn CIP pral otomatikman gen yon (1) pwen ki soti nan Total Nòt Apwopriye pou Sit la.
- Lokal ki kouvri espas ouvè pwoteje yo ap otomatikman resevwa yon Nòt Konpatibilite Sit Total de 25.
 - Lokal transmisyon ak distribisyon ki atravè Espas Ouvè Pwoteje a ka aplike pou yon pwoklamasyon si yo ka montre pa gen okenn lòt wout oswa kote ki apwopriye ki egziste.

Benefis Sosyal ak Anviwònmantal yo

- Yon nòt benefis sosyal ak anviwònman ka kalkile pou refilete nenpòt benefis sosyal ak anviwònman pwojè a bay. Pwojè yo ka pèdi yon (1) pwen nan Nòt Apwopriasyon Sit Total yo, jiska yon total senk (5) pwen, pou demonstrasyon chak nan benefis sa yo:
 - Amelyore abitasyon lokay;
 - Amelyore kalite lè nan anviwònman an pandan n'ap ranplase sous polyan an
 - Kreye plis opòtinite lwazi;
 - Finansye estasyon chaj EV ki disponib pou piblik la;
 - Aplike kredi bòdwo solè kominotè sou kont sèvis elektrik kliyan an oswa diminye pri enèji nan minisipalite ke moun k ap òganize a resevwa a;
 - Etabli dwa itilizasyon kiltirè, an patenarya ak kominote tribi ak endijèn
 - Kreye oswa kenbe travay lokal yo;
 - Gen yon konsepsyon ki nan zanmitay ak a pollinate; oubyen
 - Lòt benefis ki amelyore kalite lavi, jan kominote ki òganize l la priyorize l la
- Lokal ki swete aplike pou yon konsiderasyon diminisyon nan pwen pou benefis sosyal ak anviwònmantal dwe kowòdone ak minisipalite ki òganize l la. Si minisipalite a ak enstans k ap fè enstalasyon an dakò sou youn oubyen plizyè benefis yo, yo ka siyen yon akò, ki pral modifye Total Nòt Apwopriye Sit la epi rezilta nan kondisyon obligatwa nan pèmi yo.

Detèminasyon Nòt



Premye etap Pre-Soumisyon an

Aplikan an estime pwòp nòt li

Aplikan an bay yon estimasyon nòt bay pati ki konsène yo pandan angajman an anvan depozisyon dokiman yo

Anvan w fè demann pou yon pèmi

Aplikan an bay dokiman bay revizè Nòt Apwopriye Sit la, ki pibliye yon detèminasyon nòt nan espas 30 jou.

Si nòt la konteste

Moun k ap aplike a oswa pati ki afekte a ka mande yon revizyon nòt ak EFSB oswa DOER, selon tip pèmi a.



Rekòmandasyon pou Itilite pa EFSB

- Pwojè ki obligatwa pou konplete yon Analiz Enpak Kimiltativ pap yon obligasyon pou konplete yon Evalyasyon Apwopriye sou Sit la.
- EFSB ta dwe enkòpore eleman kritè ki apwopriye pou sit la (pa egzanp, sekestrasyon kabòn, abita, elatriye) nan analiz li yo sou CIA ak wout ak evalyasyon Sit jan sa posib.
- Yo rekòmande ke EFSB konsidere Nòt Apwopriye Total Sit la nan desizyon li yo ansanm ak lòt aspè pwojè a.
- Nòt Total Apwopriye Sit la ta dwe konsidere nan kontèks plan konsepsyon pwojè a ak planifikasyon mezi pou diminye risk yo.
- EFSB ta dwe itilize nòt apwopriye pou chak kritè kòm yon resous pou detèmine si mezi pou diminye risk anviwònmantal yo ta dwe obligatwa pou yon pwojè ka jwenn yon pèmi konsolide.

Rekòmandasyon pou Gouvènman Lokal yo itilize

- Li rekòmande pou minisipalite yo konsidere Nòt Apwopriye Total Sit la ak Nòt Apwopriye Espesifik pou Kritè yo lè yo detèmine kondisyon pèmi yo.
- Sit ki gen yon Nòt Apwopriye, Sit Total ki anba yon sèten nivo ta dwe konsidere kòm vrèman apwopriye ak yon nivo risk ki piti anpil oswa ki pa egziste ditou, kèlkeswa Nòt Apwopriye Espesifik pou Kritè yo.
- Minisipalite yo ta dwe itilize nòt apwopriye ki detaye pa kritè yo kòm yon resous pou detèmine si minimizasyon oswa mezi risk anviwònmantal yo ta dwe obligatwa pou yon pwojè ka resevwa yon Pèmi Lokal Konbine.
- Nivo ak kalite mezi diminisyon risk yo mande yo ta dwe baze sou nòt Kalite Sit Espesifik la. Egzijans yo ta dwe konsistan ak kategori kote nòt la te evalye a.
- DOER lage [Gid sou Mezi Minimizasyon ak Mitigasyon](#) semèn sa a pou bay direktiv konsènan mezi minim ak mitigasyon ki kalifye pou enpak yo idantifye nan evalyasyon apwopriye pou sit la.

Ranje Nòt Kritè	Apwopriye (pou kritè espesifik)	Entèpretasyon (pou kritè espesifik)
1 oswa mwens	Trè apwopriye, enpak minim	Pa gen okenn mezi minimizasyon oswa atenyasyon ki nesèsè
1 a 2	Apwopriye, enpak fèb	Mezi modès pou minimize ak diminye efè yo ka nesèsè
2 a 3	Mwayènman apwopriye, enpak modere	Mezi minimizasyon ak mitigasyon ki gen chans pou yo nesèsè
3 a 4	Pa twò apwopriye, enpak modere yo gwo	Mezi rediksyon ak diminye ki enpòtan ki pwobableman nesèsè
4 a 5	Pa apwopriye, gwo enpak	Si yo pèmèt li, li jeneralman pral mande anpil minimizasyon ak mitigasyon

Demonstrasyon Kat Jewografik yo



Egzanp sou Pwen Pwojè a: Enstalasyon Solè nan Auburn

	Kritè	Estatik Sit Pwojè	Nòt
Nòt Apwopriye dapre Kritè a	Rezistans Klima a	Nivo ekspozè ki pi wo: Ti Ekspozè pou inondasyon nan rivyè	2.0
	Depo ak koleksyon kabòn	Anprent la se sitou yon klas kouvèti tè devlope, ak yon potansyèl depo kabòn nan ekosistèm ki minim.	0.3
	Biyodivèsite	~25% nan anprent lan kouvri ak BioMap Natirèl Kritik; rès la kouvri ak Konektivite Rejyonal BioMap	3.5
	Resous Agrikilti yo	Anprent lan se sitou klas kouvèti tè devlope, ak potansyèl agrikòl minim.	0.1
	Chay sosyal ak Anviwònman yo	Gwoup blòk resansman an gen chay polisyon ki pi ba pase mwayèn ak karakteristik popilasyon sansib, avèk nòt MassEnviroScreen = 22.5	1.0
		Total Mwatye	6.9
Modifikatè Nòt yo	Devlopman Potansyèl	Pa Pwoteje Espas ki Ouvè yo, nan yon zòn Pwojè Envestisman Kapital, Kanopi Solè, Brownfield, Dechèkalifèl Kalifye, oswa Tè Ki Te Devlope Anvan.	
	Benefis Sosyal ak Anviwònman yo	Akò ki siyen ant minisipalite ki òganize l la ak aplikan an ki dakò ke pwojè a gen yon konsepsyon zanmitay pou polinizatè yo	-1.0
		Nòt Total:	5.9 / 25



Kòmantè Piblik



Kalandriye Angajman Piblik pou Sèvi ak Pèmi

OCT/NOV 2025

DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
28	29	30	1	2	3	
5	Sesyon info DOER (Bourne)	Sesyon info DOER (Danvers)	Sesyon info DOER (Fitchburg)	Webinè sou Konvnabilite Sit ak Gid CBA	10	
12	13	14	15	16	17	
			DOER Odyans Piblik (Vityèl)		Delè pou kòmantè alekri DOER yo	
19	20	21	22	23	24	
					Delè kòmantè alekri EEA	
26	27	28	29	30	31	
EFSB/DPU Odyans Piblik (New Bedford)			EFSB/DPU Odyans Piblik (Pittsfield)			
2	3	4	5	6	7	

Mèsi

- Ou ka jwenn enfòmasyon sou regilasyon, pwosesis ak opòtinite angajman piblik yo sou:
www.mass.gov/energypermitting
- Ou ka poze Kesyon yo dirèkteman nan energypermitting@mass.gov